

*Life don beta...***EPISODE 5*****Characters****Akugbe**Efe**Edogun**Grace**Innocent**Ngozi**Isoken***SCENE 1*****Pullen Ogbemor's house. Evening***

1. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADES UNDER**
2. **AKUGBE:** **(COMING IN ABRUPTLY AND EXCITED)** Hey! Sister Efe..well done. Wetin dey happun? Where everybody?
3. **EFE:** Akugbe! My one and only sister. You quick come today. Hope say no problem?
4. **AKUGBE:** Everyting dey okay sister Efe. My oga gree make I quick commot today
5. **EFE:** Dat one good o. Akugbe, you fine o. Dis your work good o. and e be like say dis your oga dey nice
6. **AKUGBE:** na true o. I thank God for di work.
7. **EFE:** See your nails sef. But dem long o. how you dey manage do your housework and everyting. Or nor be housegirl work you dey do?
8. **AKUGBE:** **(LAUGHS)** Sister Efe, I be housekeeper, I nor be housegirl.
9. **EFE:** Any one wey you like, call am. Abi your work no be to wash plate, clean house, wash cloth? How you fit manage do all dat work with dis fancy, fake nail wen you fix, paint so?
10. **AKUGBE:** **(LAUGHING)** Ah! Sister Efe, e nor dey disturb my work at all. I jus fix dis one before I begin come housee. Even sef, e don master me. **(ASSURING)** nor worry, dem noer go commot me for work because of am.
11. **EFE:** Okay oh! if you talk so. You know say I dey always like make you look fine

- 12.**AKUGBE:** Yes o sister Efe. Especially as I dey work inside correct place like GRA, I must to look good o. many men weyt get money dey live for dat side o, who sabi who I fit jam for dia
- 13.**EFE:** **(EXCITED)** Eh hen? Tell me e get persin wey I suoose meet? You don get man wey hol better cash?
- 14.**AKUGBE:** Sister...you see me finish, you think say I go follow local naija guys? No o. I dey wait for oyinbo man wey go carry me go Italy.
- 15.**EFE:** **(HAILING)** Akugbe Akugbe. Correct girl. See enh, I go happy if you go oversea o. then all di 'pretenders' wey dey dis house go see say my sister nor dey slack
- 16.**AKUGBE:** Sister! Who be di pretender o
- 17.**EFE:** Akugbe! Dem sabi demsef o
- 18.**AKUGBE:** Na Isoken you dey talk about? Wetin she do?
- 19.**EFE:** Akugbe, dat Isoken girl dey try put sand-sand for my garri, and before she kill me, I go kill am
- 20.**AKUGBE:** Sister, wetin she do?
- 21.**EFE:** I get to tell am everyting before she go do am. She thief my money then still go report me give my husband
- 22.**AKUGBE:** Sister.. after all dis years.. you and Isoken suppose don dey understand unasef by now
- 23.**EFE:** I know say you go wan side am
- 24.**AKUGBE:** Sister, jus leave Isoken alone first jare. Anyway see wetin I buy for your children
- 25.**SFX:** **SOUND OF RUSTLING PAPER BAG**
- 26.**EFE:** Akugbe! Thank you. Dem go too love dis one. Where my own?
- 27.**AKUGBE:** Your own dey here Sister. I but you fine lace. You like am?
- 28.**EFE:** Like am? I love am. Hey, I go am wear am go di party wen I get for Saturday. Akugbe Akugbe! Thank you.
- 29.**AKUGBE:** Make we enter inside, I wan show you di new shoe and bag wen I jus buy for myself, I sure say you go love am
- 30.**EFE:** **(HAPPILY)** I trust you my dear sister. I sabi say you get good taste and eyes. Come show me jo. Make jealousy kill dem
- 31.**SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 2***Edogun's house. Afternoon***

32. **EDOGUN:** (CALLS OUT) Grace, Grace!!
33. **GRACE:** (OFF MIC) Ah Edogun my husband, you don return!
34. **EDOGUN:** Come out! Wetin you dey do inside?
35. **SFX:** **DOOR OPENS AND CLOSES**
36. **GRACE:** (ON MIC) Welcome my husband. How your today be?
37. **EDOGUN:** Wetin you been dey do inside?
38. **GRACE:** I just dey come from shop. Naim I say make I rush do night food. How today na?
39. **EDOGUN:** E dey okay. I try gather small money today
40. **GRACE:** Really? How? (EXCITEDLY) you don get work?
41. **EDOGUN:** No be work like dat. Just small anyhow work. E get one site wey dem dey build house, I just enter, do small quick work, collect small money. Although e nor plenty
42. **GRACE:** Well na sonting.
43. **EDOGUN:** (TEASINGLY) Maybe I for use di money play small pool. At least if I win we fit get di money times three.
44. **GRACE:** (EXCLAIMS) Edogun, you nor dey serious
45. **EDOGUN:** (CHUCKLES) Na joke I dey joke o
46. **GRACE:** make e be so o. So finally, we dey go find anoda house to rent
47. **EDOGUN:** Find another house rent? Make we jus pay di rent wey we dey owe am here now
48. **GRACE:** Di landlord nor even wan collect di rent again. Im just wan make we pack commot from im house.
49. **EDOGUN:** Na wa for dat man o. Na we be di first people wey dey owe him money?
50. **GRACE:** Di man don try for us now. Apart from di rent wey we dey are owe am, remember say naim still borrow us money wen I take start my small shop wey I sell? We neva pay dat one too.
51. **EDOGUN:** Even though. Di man sabi say when I get work, I nor dey owe am.
52. **GRACE:** Dat one na anoda matter. Make we jus find anoda place wey we fit to rent.
53. **EDOGUN:** Grace, you dey yarn like say di money plentry like dat. Dis money is nor reach for rent. Plus we go need tpo change

- children dia school. You don find out how much di new school money be?
54. **GRACE:** Yes Edogun. Dem go need new uniform, books....
55. **EDOGUN:** So now, na matter of wetin dey important first. Which one you wan make we take dis money settle?
56. **GRACE:** Make we pay di children fees.
57. **EDOGUN:** So dat one mean say we go pack go my family house.
58. **GRACE:** As tings dey now, we nor get choice. Although I go really hate to move go dat house.
59. **EDOGUN:** Grace, nor worry. I know say you no wan go dia, but I promise you say we nor go tey for dia. I go soon get work and we go rent our own house. I promise
60. **GRACE:** I hear you. Just do quick get di work
61. **EDOGUN:** I go try. E Gracie! Thank you, I know say you nor go ever fall my hand. E Gracie, come here! **(KISSES)**
62. **GRACE:** **(SLIGHTLY ANNOYED)** Wetin be dis one wey you dey talk so, dis man. With all di yawa wey we get, you wan start anoda one?
63. **EDOGUN:** **(LAUGHS)** I'm just trying my luck now. You dis woman sef.
64. **GRACE:** **(WHINING VOICE)** Ohhh Edogun why you dey always disturb me??
65. **MUSIC:** **BRIDGE MUSIC UP AND FADES TO**

Scene 3***Innocent's residence. Evening***

- 66.**MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADE**
- 67.**INNOCENT:** **(OFF MIC)** Where my darling wife...? **(CALLING)** Ngozi!
Ngo!!
- 68.**NGOZI:** Welcome Innocent, how business today?
- 69.**INNOCENT:** Fine o, we thank God my dear. **(CONCERNED)** I hope say you rest well today, with dis your condition?
- 70.**NGOZI:** **(TEASING)** My condition? I no sick na. na only belle wey I carry
- 71.**INNOCENT:** **(LAUGHS)** My love, you sabi say I dey worry. Hope say my son dey kick well
- 72.**NGOZI:** **(LAUGHS)** Wetin make you tink say she be boy? Na girl o.
- 73.**INNOCENT:** Okay. She fit be girl since we don already get my big boy Chucks
- 74.**NGOZI:** Better! So I fit dey plait her hair and wear her fine gown dey.
- 75.**INNOCENT:** **(PROUDLY)** Na my beautiful girl be dat! Hope say two of una don dey rest well?
- 76.**NGOZI:** Yes o. Thank God for Isoken. She been come helep me today
- 77.**INNOCENT:** O! Na God go bless and reward dat girl for us.
- 78.**NGOZI:** Amen. How my baby, hope say im nor too disturb you for shop
- 79.**INNOCENT:** My dear, dat boy Chuks dey sees imself as big boy now o!
- 80.**NGOZI:** Eh hen?? Wetin im do?
- 81.**INNOCENT:** **(LAUGHS)** Aaa! You need to see how im dey try help me do tings for shop today.
- 82.**NGOZI:** **(LAUGHS AND CLAPS HER HANDS)** ‘Odikwegu’. You see say even though im jus be three years old, e dey do wetin pass im age.
- 83.**INNOCENT:** He even play for shop today, sotay im don over tire, now na sleep get am.
- 84.**NGOZI:** **(LAUGHS)** How for do? You sabi say na you wey im resemble. Maybe dis one wey I dey carry now fit even scatter body pass am, with di way she she dey show hersef inside belle.
- 85.**INNOCENT:** **(CLEARS HIS THROAT)** na so e dey be, after all you don dey near di date wey you suppose bnoen..
- 86.**NGOZI:** We go still born anoda baby after dis one?

- 87.**INNOCENT:** Well, e go tey small o. remember all di plans wey still dey our front
- 88.**NGOZI:** I just dey ask make I dey sure say make and you still dey di same page o. Inno my husband. You nor dey fall my hand at all
- 89.**INNOCENT:** **(CHUCKLES)** Well, as na two of us make di choice. Now wey we wan take long holiday after dis pikin, you don decide which FP method you go like use after you don born? **(TEASING)** ‘Madam FP’
- 90.**NGOZI:** I have different options o. but I wan make we decide together
- 91.**INNOCENT:** Hmmm dat idea dey good... But which ones wey dey your mind to do?
- 92.**NGOZI:** **(LAUGHS)** I go first do exclusive breast feeding; dey give di pikin only breast for di first six months just as I been do with Chuks.
- 93.**INNOCENT:** **(WONDERING)** so after dat one, You go return to di injectables wey you dey use before? or you get anoda method for mind go like try?
- 94.**NGOZI:** I dey tink say I fit try implant dis time or maybe IUD. **(SIGHS)** Thank God say plenty method dey wey persin fit choose from.
- 95.**INNOCENT:** We fit go meet FP counselor for advice **(JOKINGLY)** ... Ngo, I no fit wait to begin get you for myself again
- 96.**NGOZI:** **(LAUGHS, PRETENDING NOT TO UNDERSTAND)** Wetin you mean? You don already get me na
- 97.**INNOCENT:** **(TEASING)** I know say you sabi wetin I mean abi you wan make I show you?
- 98.**NGOZI:** **(LAUGHS LOUD)** Ah Inno... Inno Na dia wey your mind don already go?
- 99.**SFX:** **BRIDGE MUSIC**

Scene 4

Pullen's residence. Verandah. Morning.

100. **MUSIC:** **BRIDGE UP AND FADES UNDER**
101. **SFX:** **NOISE FROM CHILDREN RUNNING AROUND**
102. **AKUGBE:** **(OFF MIC)** I wonder why these pikin dem nor go stop to dey disturb peace for dis area.
103. **ISOKEN:** Who you dey follow yarn?
104. **AKUGBE:** nor be all dis pikins wey dey run around dey make too much noise
105. **ISOKEN:** **(SOUNDING FORLORN)** Na jus children wey dem be Akugbe, wetin you dey expect
106. **AKUGBE:** Well, dis kain noise and dust nor master me for body again. Dis kain noise nor dey GRA. Rich people pikins nor dey shout
107. **ISOKEN:** **(CHUCKLES MILDLY)** I see..
108. **AKUGBE:** Isoken, you dey okay?
109. **ISOKEN:** Yes. Why?
110. **AKUGBE:** Why you jus siddon like persin wen jus see ghost. Wetin dey do you? Or my sister beat you again?
111. **ISOKEN:** Nooooo!
112. **AKUGBE:** **(CONCERNED)** Wetin come be problem then? Isoken, talk to me.
113. **ISOKEN:** **(SIGHING HEAVILY)** Hmmmm... noting, I dey fine
114. **AKUGBE:** Isokenaa... your mind stil dey down because say you fail JAMB again?
115. **ISOKEN:** Hmm...Na three times I don fail so.
116. **AKUGBE:** Isoken, I nor expect say you go dey worry yourself for dat matter. You suppose dey happy, you get luck say you dey young and you don already pass SSCE, at least hope still dey for you .
117. **ISOKEN:** **(PESSIMISTIC)** Akugbe... I know say you jus dey try to make me happy. No need to put my mind for long jump; daddyt don already yarn say no more school for me again.
118. **AKUGBE:** But at least im get oda plans for you abi? Because I sure sayyour papa nor fit leave you just like dat
119. **ISOKEN:** Well Daddy wan make I go learn handwork. How I wan take be lawyer wen I go dey busy dey learn handwork?

120. **AKUGBE:** Well, you fit learn di handwork, after dat, you get job and then use di money to send yourself go school.
121. **ISOKEN: (SCOFFS)** Hmm... I go don old by the time wen I go finish
122. **AKUGBE:** Isoken, road plenty wey dem dey take enter market o. if one way block, tryanoda one
123. **ISOKEN:** Wetin you mean?
124. **AKUGBE:** Okay, make I use myself as example. I been get plan to commot upper Sakponba, travel go Europe, but when I found out say dat one nor easy. Naim I come find work, but I still never give up, I still get strong hope say one day I go marry Oyinbo, go live for Italy
125. **ISOKEN:** So you dey advise make I go do di apprentice?
126. **AKUGBE:** As I talk before, wetin dey important be say make you no give up on your dreams. My dear even if you go do di apprentice, once you don begin make your own money, you fit save, and cobntinue with your school later.
127. **ISOKEN:** **(ALMOST IN TEARS)** Dat na really long road. Heavens nor just like me. I nor get any goodluck at all. Since wey dem born me things never dey good for me. *Ah! Iye mu diakemwen*
128. **AKUGBE:** **(SCOLDING HER)** Isoken, Stop. No dey talk like dis. Everyting go dey alright
129. **ISOKEN:** **(INTERRUPTING AND SNIFFING)** Dat one easy for you to talk, after all see you now, you get beta job and you get money to take look good. But jus look me.
130. **AKUGBE:** Isokena... you fit do di kain job wen I do?
131. **ISOKEN:** **(FEELING DEJECTED)** Wetin I dey do for dis house nor dey different from wetin you be inside di GRA GRA. I jus be like housegirl here too
132. **AKUGBE:** Housekeeper, nor be housegirl. Anyway, dat nop be wetin I dey yarn about
133. **ISOKEN:** **(CONFUSED)** You get anoda work?
134. **AKUGBE:** well, na yes and no. but I jus wan tell you say, after everyting fail, you sabi say you fit use wetin you get to get wetin you want
135. **ISOKEN:** **(SOUNDING CONFUSED)** Akugbe you be jus 'housekeeper' as you call yourself... or e get someting wey you wan tell me?
136. **AKUGBE:** If you nor understand am, nor worry
137. **ISOKEN:** At least you fit explain to me na
138. **AKUGBE:** **(LAUGHING)** Nor dey do like small pikin.
139. **SFX:** **BRIDGE MUSIC**